

Date : November 21, 2017

Nimewo Pwogram Nan : 1014

Tit Pwogram Nan : Jak 3:5-18

Se tout yon plezi pou nou rakontre jodia ankò nan etid bibliik Atravè Labib, pasaj n'ap konsidere pou jounen an se Jak 3 :5-18.

Annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè.

Bondye Papa nou ki nan syèl la nou byen konnen se pa pou grenmesi Ou bannou Pawòl Ou. Ou bannou l pou byen nou, pou nou konnen sa ki nan volonte W, jan pou nou viv, pou n ka gen lavi e lavi an abondans. Ou bannou l pou nou ka aplike l'. Nou ta renmen aplike sa W ap di nou jodia, sa W pral di nou nan etid la espesyalman konsènan itilizasyon lang nou pou n konnen kòman pou n sèlvi l yon fason ki onorab e ki fè w Plezi. Se nan non Bondye Pitit la, chemen laverite e lavi a nou priye W, amèn.

Ou byenvini nan etid bibliik Atravè Labib. N ap kontinye avèk konsiderasyon nou yo nan lèt Jak la pou nou wè Jak 3 :5-18.

Jak 3 :5, 6 *Konsa tou ak lang moun. Piti kou li piti, li vante tèt li pou gwo bagay li ka fè. Gade ki jan yon ti flanm dife ka boule yon gwo rakbwa!*

Enben, lang se tankou dife. Se la tout lenjistis rete. Paske se yon manm nan kò nou li ye, l'ap kontaminen tout kò a nèt. Se lanfè menm ki mete dife nan li. Apre sa, li menm pou tèt pa l', li mete dife nan tout lavi nou.

Dr. McGee di se nan seksyon sa a ke l' te pran tit li te bay livrè ke l' te ekri sou lèt Jak la, livrè ke l te rele : Lanfè pran dife. Se sa lang nou ka ye ou ankò se sa menm li ye nan anpil ka. Gen moun ki kesyone mo lanfè ke m itilize a pou di yo pa vrèman wè l konsa. Men mo Grèk yo itilize isit la se : Jehèn, se pa cheòl. Jehèn ap fè referans sou vale Hinnom an, yon kote dife pa janm tenyen. Se 12 fwa ase yo sèvi mo sa nan Nouvo Testaman an, Senyè Jezi repete l 11 fwa e nou jwenn Jak sèvi l isit la pou douzyèm fwa a. Donk tradiksyon nou an kòrèk lè l di se: *Se lanfè menm ki mete dife nan li.*

Se remakab ke Jak konpare lang moun ak dife. M pa konnen si w janm wè yon dife forè, men nan sid eta Kalifòni kote Dr. McGee t'ap viv, li di nou te konn genyen yo chak sezon été. Yo fè anpil dega. E anpil fwa yon enkontwolab. Byen souvan sèl sa w ka fè se tann yon finn konsime pou boule tèt yo yo menm.

Anfèt, dife se yonn nan pi bon zanmi lòm ak laniti. Gen kèk istòryen ki di sa avèk dekouvèt dife sivilizasyon kòmanse. Lè l byen kontwòle li pwodwi chalè pou chofe kò nou, pou penmèt nou fè manje e l' pwodwi kouran pou endistri nou yo mache. Me se konsa l' danjre tou lè l rete san kontwòl. Se yon trajedi lè yon kay ap pran di. Lè w tandè sirèn machin ponpye a ou konnen gen yon gwoup moun k ap kouri pou al etenn yon dife. Menm nan sivilizasyon konbyen avanse nou an nou pa rive kontwòle dife. Gran dife 1666 ki te fèt nan vil Lond an Angletè te detwi vil la. Bèf yon dam yo rele Madanm O'Leary te jis bay choute yon lanp ak pye l e konsa te limen gran dife istorik ki te fèt nan lanne 1871 lan. E jodia ankò nou temwen gwo dega dife kontinye fè.

Lang lòm se tankou dife : lè l sou kontwòl, li se yon benediksyon ; men lè l' san kontwòl li fè gwo dega. Li ka yon renmèd; li ka yon malediksyon. Nou li nan Pwovèb 12 :18 : *« Pawòl moun ki di tou sa ki vin nan bouch yo se kout ponya.*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Men, pawòl moun ki gen bon konprann se renmèd. » Lang ka tankou yon nepe k ap touye ; men se konsa tou l' ka yon renmèd ou gerizon an menm. Ala yon imaj yo prezante sou lang lan ! Toujou nan liv Pwovèb la nou li, nan Pwovèb 15 :14 : « Yon moun ki gen konprann toujou ap chache gen konesans. Men, moun sòt pran plezi nan pale koze san sans. »

Penmèt mwen reprann pwovèb m te mansyone toutalè a : « Ou se mèt pawòl ou poko di yo, men pawòl ou fin yo se yo ki mèt ou. » Evidamman ou pa responsab yon bagay ou pa di, men konn w fin louvri bouch ou pale, pawòl sa a ka menm kondannen w. M aprann pa eksperyans yon lapsus ou lè bouch ou chape pandan w ap pale (sitou si se nan yon pwogram radyofonik kote anpil moun ap koute) ka gen gwo repèkasyon. Ou ka sonje jan langaj ou ankò aksan Simon Pierre te trayi l, e jan l te louvri bouch li nye di l pa konnen Senyè Li a. Men nan gran jou Lappankòt la, se ki sa Senyè a te sèvi ? Li te sèvi lang zanmi maladwa, trebichan e enkonsistan an, Simon Pierre. Lang la ka nenpòt, yon malediksyon ou yon renmèd.

Dife forè boule, li fè gwo lafimen e l se yon epidemi. Tankou dife, lang moun ka mete dife nan yon legliz, nan yon kominote, nan yon vil ou tout yon nasyon.

Jak 3 :7, 8 Moun ka donte tout kalite bèt, zwezo, bèt ki trennen sou vant, bèt ki nan lanmè. Li menm rive donte yo deja.

Men, pou lang lan menm, pesonn poko ka donte li. Se yon move bagay ou pa ka kontwole, li plen pwazon ki ka touye moun.

Dr. McGee di lè l te jèn, lè te konn gen sik ki te konn vin fè prezantasyon nan zonn lan, yon gwoup nan nou, jenn yo, te konn reyini nan yon kay pou yon rakont sosyal ki fini ak soupe, answit nou te desann nan estasyon tren an al gade twoup la k ap dechaje materyèl yo. Tandiske yo t ap transpòte bagay yo ale

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

nan plas kote yo pral fè espektak la, nou te konn swiv yo e kanpe ap gade k ap monte gwo tant lan. Gen yon jou yo te menm envite nou pran dejne ak yo nan tant kafeterya a. M pa bezwen di w jan nou te kontan ! Lè sa a Clyde Beatty te avèk yon konpayi sirk ki rele Ringling Brothers, Barnum and Bailey, se li ki te responsab bèt sovaj yo. Se li ki te konn antre nan kaj yo pou egzibisyon yo. Yo te penmèt nou antre nan tant sa, pa kòm kliyan, men jis pou nou te ka obsève preparasyon yo. Clyde Beatty te antre nan yon kaj kote te gen kèk ti bebe lyon, m panse te gen 3 a 4 nan yo konsa. Li fè yo soti epi l' kòmanse jwe ak yo. Li fè yo woule e yo menase l' yon kout dan. Li pran yo li vire yo, yo jis t'ap jwe, yo t ap pase yon bon moman. N al kote l nou mande l' pouki l fè sa. Li reponn : « M pap janm antre nan yon kaj ak yon lyon ke m' pa t' elve depi l' piti. Ou pa ka donte yon lyon ki deja fin gran. M kòmanse ak yo tou piti konsa, e lè yo vin gran pou tounen yon gwo lyon enpresyonan, m pap gen pwoblèm antre nan yon kaj ak yo. Paske lè sa a m konnen yo e yo konnen m. » Zanmi eske m ka fè w remake ke w ka donte yon lyon, ou ka donte yon elefan, men w pa ka donte lang ki tou piti a. Tankou gen yon moun ki te di : « Sa la dèyè dan yo sa ki pi endotab nan monn nan fè nich li. » Lang se yon ti zannimo okenn zoo pa gen an kaptivite, okenn sirk pa ka fè fè egzibisyon, okenn moun pa ka donte. Se sèl yon lang rejenere nan yon kò rachte, yon lang Bondye donte, ki ka sèvi pou Bondye.

Se enteresan pou wè sa apot Pòl di nan Women 10 :9 : « *Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove.* » Sa vle di, nou bezwen chante an dyo, lang lan ak kè a dwe mache a linison. Senyè Jezi te deklare nan Matye 12 :34 : « *... Bon pawòl pa ka soti nan bouch nou. Sa ki nan kè yon moun, se sa ki soti nan bouch li.* » Evidamman sa ki nan kè a gen pou l soti deyò. Gen yon moun ki te di : « Sa ki nan pi kè a gen pou

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

soti nan syo bouch la. » Si bagay la nan kè w, to ou ta w a gen pou w repete l. Se enteresan pou n ramke lè Senyè te rakontre nonm bèbè a, otèl levanjil la te trè presi e atansyone pou rapòte « Senyè a te touche bouch li ! » Zanmi si se vre L' te touche nonm lan, sa vle di Li ka touche bouch ou tou.

Jak 3 :9, 10 Avèk lang nou, nou fè lwanj Bondye papa nou. Avèk menm lang lan, nou bay moun madichon, moun Bondye te kreye pòtre ak li. Menm bouch la bay benediksyon, li bay madichon tou. Frè m' yo, sa pa dwe fèt konsa.

Lang ki nan bouch nou an gen kapasite pou louwe ou blasfeme Bondye. Tankou n te di sa deja, se lang lan ki elve nou kòm lòm mete sou tèt monn animal la. Lòm pa yon makak k ap gazouye ou ti zwazo k ap chante. Lòm ka kominike ak lòm parèy li, e l' ka kominike ak Bondye. Lè yon moun ka chante tankou zanj dimanch maten e pale tankou denmon rès jou nan senmenn nan, ou ka ba l pote non w vle, men Bib la li menm rele l « ipokrit. »

Dr. McGee di lè l te anonse ke l' t'apral kite bank kote l' t ap travay kòm jèn gason an pou l t al aprann pastè, gen yonn nan vis prezidan bank lan ki te rele m nan biwo l'. Li te yon bon zanmi, e l' te konnen jan m t ap viv. Li di m : « Vernon, m espere w va tounen yon pastè e yon sèvitè Bondye otantik. » Li kontinye pou di : « Se akòz yon eksperyans ke m te fè pandan Premye Gè Mondyal la ki fè m pa yon kretyen jodia. » Li kontinye pale pou esplike m jan bank lan te louvri yon sikisal nan yon izin poud nan Old Hickory andeyò vil Nashville nan eta Tennessee. Yonn nan moun ki t ap travay nan gichè yo te yon solis nan yon legliz nan sant vil Nashville. Yon dimanch pandan anplwaye t ap sot legliz, vis prezidan bank lan tandè yonn nan sè legliz yo k ap di: "Ou konnen, msye se yonn nan pi gwo gason nan monn nan, li chante tankou zanj!" Vis prezidan an di l pa t fè okenn kòmantè sou sa.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Men dam nan ten gen pwopriyete, e l te kliyan bank Old Hickory a. Yon jou l' te nan yon rakont ak vis prezidan an lè denkou yo tandè langaj ki pi sal ou ta ka imajine a. Se te kachye a ki t ap eseye balanse men san siksè. (Dr. McGee di m te pase kèk lanne kachye tou e m konnen sa se yonn nan bagay ki pi dekourajan ki ta genyen.) Donk, lè msye wè l pa t ka balanse tout bon, li te kòmanse eksploze ap repete yon pakèt blasfèm, dam nan sezi li mande : « Men se ki moun sa ? » Vis prezidan an reponn li : « Sa se soloyis ou a ki chante tankou zanj dimanch maten an. » Yon moun ka beni Bondye ak bouch li, e l ka blasfème L ak menm bouch la. Ou ka fè tou de ak bouch ou. Senyè Jezi di se nan kè a pawòl ki nan bouch nou yo soti, donk ou mèt tann bouch gen pou repete sa ki sou kè w la.

Jak 3 :11, 12 Yon sous dlo pa ka bay dlo dous ak dlo sale anmenmtan.

Frè m' yo, yon pye fig frans pa ka donner grenn oliv. Ni yon pye rezen pa ka donner fig frans. Dlo sale pa ka bay dlo dous non plis.

Ki vle di, you moun ka yon moun de fas, de lide, lang fouchèt, ki repete ni bon ni move bagay ak bouch li. Men lanati pa fonksyone konsa, ou pa janm jwenn yon sous isit sou latè beni ki bay alafwa e dlo dous e dlo anmè.

Kounyea Jak ap demontre lang moun revele yon lafwa otantik, paske se ak bouch nou nou konfese sa ki nan kè a.

Jak 3 :13 Si gen nan mitan nou yon moun ki gen bon konprann, ki gen lespri, se pou l' moutre sa ak bon kondit li. Se pou l' fè sa ki byen san lògèy, men avèk bon konprann.

Lang moun ka revele lafwa otantik la. Li ka temwaye pou Bondye. Li ka pale pawòl sajès.

Jak 3 :14 *Men, si n'ap fè jalouzi nan kè nou, si nou kenbe moun nan kè nou, si n'ap kouri dèyè enterè pa nou, pa vante tèt nou, pa fè manti sou laverite a.*

Se evidan jalouzi ak konfli pa fwi lafwa, men lang moun ka pwovoke kalite bagay sa yo. Apot Jak ap demontre kontras ki genyen ant lang enkwayan ensanse a ak lang kwayan saj la. Anfèt, yon moun ki pa ka kontwòle lang li fè lòt moun poze kesyon mande si l' se vrèman yon moun sove. Ou pa ta ka vle fè m kwè ke yon bon kretyen pral pase six jou nan semèn nan ap fè sèman di tou sa l' vle ak bouch li e pou kon dimanch maten rive pou l' monte chè al chante nan koral. Li pa ka ap bay vye blag sal e pou l'ap anseye lekòl dominikal dimanch maten ap anseye moun sou lanmou Jezi. Alò se vre lang ou genyen an gen kapasite pou fè tou de, men si l' chwazi fè tou de vre, gen yon bagay ki pa nòmal. Jak di nou « pa fè manti sou laverite. » Yon bouch ki ap fè manti se yon bouch ki nye Senyè a pandan senmenn lan.

Jak 3 :15 *Bon konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan lemonn, nan moun ak nan dyab la.*

Jak di byen klè jalouzi ak konfli pa soti nan Bondye. Yo pa soti nan li menm paske sa yo se bagay lemonn, bagay sansyèl bagay mekan.

Gen yon otè enkonni ki fè yon deklasyon pou di: " Konesans fyè ke l' tèlman konnen; Sajès rabese l ke l pa konn anyen ankò."

Jak 3 :16 *Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mekanste.*

Yon lang san kontwòl pwodwi jalouzi ak konfli ki mennen nan dezòd ak tout kalite mekanste. Labib endike klèman se pa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Bondye ki kreye konfizyon, Li pa yon Bondye konfizyon. Konfizyon nou jwenn nan monn nan jodia se travay Satan k ap sèvi ti zouti tou piti a, lang moun, ki kreye tout pwoblèm sa yo. Vèsè sa a byen mache ak sa Jak va di nan pwochen chapit la kote l' va defini sa mondanite vrèman ye.

Jak 3 :17 *Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye, l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tandè rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit.*

« *Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki soti nan Bondye a ap fè volonte Bondye...* » Gen lòt vèsyon ki itilize yon adjektif isit la pou di « se yon bon konprann ki pi. » Bon konprann « pi » a vle di li pa melanje ou nan konpwomi ; li san dekoupe, li orijinal. Se sajès ki desann soti nan Bondye e Jak prezante fwi li you di : « ... *l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tandè rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit.* »

Dr. Samuel Zwemer mansyone reyalite ke fo ansèyman toujou mennen nan konfli ak jalouzi ak pwoblèm. Li di : « Ou pa ka esplike mekanste ki gen nan monn nan sou sèl baz imanite. Se lòm plis yon bagay, e se sa k esplike relijyon ki pa kretyen yo ap byen mache konsa. Yo sipènatirèl men se pa anba nan rasin. » Zanmi, ou mèt kwè m, nenpòt bagay ki lakòz divizyon ak konfli, e sa nan nenpòt asanble w ta va jwenn li a, pa soti nan Bondye. Ou mèt ap vante tèt di jan w se yon fondamantal, si w se yon moun k ap kreye konfli, ou nan move plasman.

Jak 3 :18 *Moun k'ap chache pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, y'ap travay ak kè poze pou yo ka rekòlte yon lavi ki dwat devan Bondye.*

Sa yo se fwi lafwa. Fòk gen sa ki dwat anvan gen lapè. Franchman m swete konsèp sa a ta rive jwenn moun Nasyonzini yo. M swete l' ta rive jwenn Washington, D.C., e Moscow e Peking e lòt gran kapital yo nan monn nan. Ou pa ka gen lapè san ladwati. Gen yon jou k ap vini, selon sa Salmis lan di nan Sòm 85:10, lè jistis ak lapè va anbrase yonn ak lòt. Men jodia malerezman yonn pa konn lòt, menm si yo ta va rakontre yonn pap menm rekonèt lòt.

Chapit 3 a mete yon fen nan premye gran divizyon epit Jak la kote Jak t ap pale sou verifikasyon lafwa otantik la. Gen diferans nan lafwa pa egzanp: ou ka plase lafwa a move kote, oswa ou ka jis souke tèt e rele sa lafwa, men lafwa ki sove a se lafwa ki pwodwi bon zèv.

Nan twa premye chapit yo, Jak te montre nou divès fason Bondye teste lafwa nou pou konnen si l' oktantik. Tou dabò nou te wè, Bondye teste lafwa ka eprèv. Dr. Richard H. Seume se yon ekselan pwofesè bibliki ki te pase plizyè lanne ap soufri ak maladi ren. M ta renmen pataje ak ou kèk bagay li te di. (Sitasyon sa a se nan liv Dr. Lehman Strauss ki rele « Jak Frè nou » an ke m' pran l'). M pataje sitasyon ak nou paske m' konnen li pa soti nan bouch yon teolijyen ki sèlman ap pataje lide l ou yon teori ak nou, men pito yon moun ki konn soufrans, yon moun ki te pase maladi e ki konnen sa l'ap di a nan bon mamit. Me kisa Dr Seume ekri :

Lavi sou latè pa ta vo twòp anpil si yo te bezwen retire tout sous iritasyon ki gen ladan l'. Poutan, anpil nan nou revòlte kont bagay ki deranje nou yo, e konte pou gwo pèt sa nou te dwe konsidere kòm gen presye. Yo di nou zuit la pi saj, lè yon objè iritan, tankou yon grenn sab, antre anban kal li, li sèlman kouvri l ak sa ki pi presye nan li a e fè l tounen yon pèrl. Iritasyon li te koze a disparèt lè l vlope l ak sibstans pou fè l tounen pèrl la. Pakonsekan, yon vrè pèrl se Viktwa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

sou iritasyon. Chak iritasyon ki nan lavi nou jodia se yon opòtinite pou kiltive pèrl. Plis malen ap lanse iritasyon sou nou, se plis n ap gen pèrl. Nou sèlman bezwen akeyi yo e kouvri yo nèt ak lanmou, sa ki pi presye nan nou an, e iritasyon an va kontinye adousi pandan pèrl la ap fòme. Ala yon magazen pèrl n'a gen si nou vle !

Donk sa nou te wè nan seksyon sa a se : 1) Bondye teste lafwa ak eprèv ; 2) Bondye PA teste lafwa ak sa ki mal ; 3) Bondye teste lafwa ak Pawòl Li ; 4) Bondye teste lafwa ak atitid e aksyon yon moun ; 5) Bondye teste lafwa ak bon zèv ; e 6) Bondye teste lafwa ak lang moun. Apot Jak te montre aklè ke lafwa otantik la va toujou evidan nan lavi kwayan an.

Se avèk ti kout rekapitilasyon sa a n ap mete yon bout nan etid jodia. Mwen kontan ke w' te pase moman beni sa ak nou e m ap kite w avèk lapè e lagras Bondye.